**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**

**Министерство просвещения, науки и по делам молодежи**

**Кабардино-Балкарской Республики**

**Администрация Урванского муниципального района**

**МКОУ СОШ с.п. Шитхала**

| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
|---|---|---|
| МО учителей начальных классов | заместитель директора по УВР | директор |
| ________ Хашукоева Л.Л. | ___________Бляшева З.А. | ________ Байматова С.П. |
| Протокол №1 от «28» 08 2023 г. | Протокол №1 от «29» 08 2023 г. | Приказ №127-ОД от «29» 08 2023 г. |

# Рабочая программа учебного предмета «Литературное чтение на родном (кабардинском) языке» (1 – 4 классы)

**с.п.Шитхала 2023г.**

*Рабочая программа «Родной(кабардинский) язык» составлена с учетом требований примерной программы по родному (кабардинскому) языку под редакцией А.Т. Шогеновой, одобренной решением федерального учебно-методического объединения по общему образованию (протокол от 28 сентября 2021 г. № 4/21) (https://fgosreestr.ru/oop/247)*

## 1. Пояснительная записка

Рабочая программа по литературному чтению по родному (кабардино-черкесскому) языку для 2-4 классов составлена на основе:

- федерального государственного образовательного стандарта начального общего образования, утвержденного приказом Министерства образования и науки РФ от 31 мая 2021 г. № 286 (https://fgosreestr.ru/educationa1_standard/federa1nyi-gosudarstvennyi-obrazovate1nyi-standart-nacha1nogo-obshchego-obrazovaniia);

-примерной программы по родному (кабардинскому) языку под редакцией А.Т. Шогеновой, одобренной решением федерального учебно-методического объединения по общему образованию (протокол от 28 сентября 2021 г. № 4/21) (https://fgosreestr.ru/oop/247).

**Рабочая программа разработана:**

- с основной образовательной программой начального общего образования МКОУ СОШ .п.Черная Речка
- с Положением о рабочей программе учебного предмета (курса) педагога МКОУ СОШ с.п.Черная Речка реализующего ФГОС НОО.

Рабочая программа составлена на уровень начального общего образования и предназначена для изучения «Литературного чтения на родном (кабардинском) языке", 2 класс под редакцией М.М.Кумаховой, издательства «Эльбрус»-2020г., «Литературного чтения на родном (кабардинском) языке" 3 класс, под редакцией Л.Х. Канаметовой, издательства «Эльбрус»-2020г., «Литературного чтения на родном (кабардинском) языке» 4 класс под редакцией Ф.Б.Малаевой, издательства «Эльбрус»-2020г., допущенный Министерством просвещения и науки РФ к использованию в образовательной деятельности в общеобразовательных учреждениях и утвержденный приказом Министерства просвещения и науки РФ от 20 мая 2020 года № 254. (с изменениями и дополнениями)

| № | Автор/авторский коллектив | Наименование учебника | Класс | Наименование издателя(ей) учебника | Адрес страницы об учебни официальном сайте изда (издательства) |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | М. М. Кумахова | «Анэдэлъхубзэ» Литературное чтение на родном (кабардинском) языке | 2 | Издательство «Эльбрус», 2020 | https://book.cnppm.ru/ |
| 2 | Л. Х. Канаметова | «Анэдэлъхубзэ» Литературное чтение на родном (кабардинском) языке | 3 | Издательство «Эльбрус», 2020 | https://book.cnppm.ru/ |
| 3 | Ф. Б. Малаева | «Анэдэлъхубзэ» Литературное | 4 | Издательство «Эльбрус», 2020 | https://book.cnppm.ru/ |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | чтение на родном (кабардинском) языке | | | |

**Описание места учебного предмета в учебном плане**

В соответствии с учебным планом МКОУ СОШ с.п.Черная Речка на изучение литературного чтения на родном (кабардинском) языке в 2-4 классах отводится 136 часов из расчета: во 2-х классах по 51 ч.(34 учебные недели, 1 ч в I полугодии, 2 во 2-м полугодии), в 3-х классах по 51 ч (34 учебные недели, 1 ч/н в I полугодии, 2ч/н во II-м полугодии), в 4-х классах по 34 ч (34 учебные недели 1 ч/н в I полугодии, 2ч/н во II-м полугодии)

**Планируемые результаты освоения учебного предмета.**
**Дызыпэплъэ ехъул1эныгъэхэр**

## 2 класс

## Личностнэ ехъул1эныгъэхэр:

- Хэкур фIыуэ лъагъунымрэ абы ирипэгэнымрэ;
- дуней дыкъэзыухъуреихьым теухуауэ гурыIуэгъуэ;
- щIыуэпсым, псэ зыIут псоми хуэсакъыныр;бзэ зэмыщхьхэм ирипсалъэ лъэпкъхэм пщIэ хуэщIыныр;
- и анэдэлъхубзэм ирипсэлъэным иригушхуэныр;
- зыхэт цIыхухэм ялэжь Iуэхухэм хабзэ хэлъу, щэныфIэу хущытыныр; щIыуэпсым и теплъэ е нэгъуэщI сурэт лIэужьыгъуэхэм тепсэлъыхьыфыныр;
- гуапагъ, пэжагъ, гууз-лыуз, пэджэж, напэ, н. гурыгъу-гурыщIэхэр зыхищIэныр;
- егъэджакIуэм, балигъым, къыдеджэхэм зэрыдэлэжьэфыным ехьэлIауэ гурыIуэгъуэ иIэхэм зегъэужьыныр.

## Метапредметнэ ехъул1эныгъэхэр:

- Бзэм и Iэмалхэмрэ информацэ, коммуникацэ технологиехэмрэ езым щIэуэ зыгуэр къищIэным хущIэкъун къалэныр щигъэзащIэкIэ къигъэсэбэпыныр;
- псалъалъэ зэмылIэужьыгъуэхэм зыхуей къыщыгъуэтын, зэхуэхьэсын, елэжьын, зэхэдзын, анализ щIын, нэгъуэщIым Iэрыгъэхьэн, къэIуэтэжыфын, зыщIыпIэ къыщыпсэлъэфыныр;
- текст зэхуэмыдэхэм, жанр зэмыщхьхэм къеджэфыныр, зытепсэлъыхьым теухуауэ и бзэм зэхъуэкIыныгъэ иригъэгъуэтыфыныр, жьабзэу, тхыбзэу текстхэр зэригъэпэщыфыныр;
- зэгъэпщэныгъэ, зэгъэуIуныгъэ, анализ сыт хуэдэхэр зы гупсысэм тету иухуэфыныр, зым зыр къыпкърыкIыу е къыпкърыкIынкIэ хъуну зэрыщытым егупсысыфыныр;
- и псэлъэгъум едэIуэфыныр, диалог иригъэкIуэкIыфыныр, зы Iуэхум еплъыкIэ зэхуэмыдэхэр зэриIэфынур къыгурыIуэрэ псоми щIэдэIуфу щытыныр, щапхъэхэр къигъэсэбэпурэ псэлъэфыныр;

## Предметнэ ехъул1эныгъэхэр:

**ЕджакIуэм зригъэсэну къехъулIэнущ:**

- езым и бзэмрэ нэгъуэщIым еймрэ анализ хуэщIу;
- егъэджакIуэм игъэува упщIэм жэуап щраткIэ, езым и ныбжьэгъухэм я бзэм и ухуэкIэр, пэжагъыр къилъытэн;
- тхылъым и псалъалъэм хэт щапхъэхэр къэпсэлъыкIэ, тхыкIэ хабзэхэм тригъэтыныр; темэмрэ купщIэмрэ елъытауэ текстым цIэ фIищыныр; текст зэмылIэужьыгъуэхэр зэхигъэкIыныр;

– зэраIуатэ, зэрытепсэлъыхь рассказ зэхигъэувэныр;
– псалъэухахэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр къихутэныр;
– сюжетнэ сурэт зэпыщIахэмкIэ рассказ кIэщI цIыкIу иубзыхун;
– тхыгъэм и пэжагъым кIэлъыплъыжын, щыуагъэ къызэрыгуэкIхэр къигъуэтыжын.

**ЕджакIуэм зригъэсэнущ:**

Къызэджэ художественнэ тхыгъэхэр къагурыIуэу (зэхащIыкIыу), хуабжьагъ-псынщIагъыр тэмэму, хуагъэув мардэр ягъэзащIэу, псалъэхэр зэрыпсэууэ къеджэфу щытын хуейщ.

Псалъэхэм я ударенэм иригъуазэу, къызэджэ псалъэхэр дамыгъэхуу, абыхэм зэхъуэкIыныгъэ ирамыгъэгъуэту, псалъэухам щымыщ къыхамыгъыхьэу къеджэн хуейщ.

Зыщымыгъуазэ тхыгъэм къызэреджэ хуабжьагъ-псынщIагъыр зы дакъикъэм псалъэ 40-50 хуэдиз хъун хуейщ.

Къызэджэр къыгурыIуэу, къеджэкIэр тэмэму, гъэхуарэ зэхэщIыкIыгъуэу къеджэн хуейщ. Псалъэухам хэлъ мыхьэнэ нэхъыщхьэр зэпха псалъэр ударенэкIэ къыхагъэщыфу, егъэджакIуэм гупсэхуу едаIуэрэ упщIэ игъэувхэм жэуап иритыфу щытын хуейщ.

Сюжет тынш зиIэ сурэтхэм теухуауэ упщIэ къратхэм жэуап тэмэм иратыфын, сурэтхэм щалъагъу Iуэхугъуэхэм япкъ иткIэ езы еджакIуэхэм упщIэ гуэрхэр ягъэувыфын, абыхэм жэуап тэмэм иратыфын хуейщ.

ЕджакIуэхэм я нэгу щIэкIахэм, я гъащIэм къыщыхъуахэм теухуауэ зэкIэлъыкIуэкIэ пыухыкIа гуэрым тету къыжаIэжыфын хуейщ.

Усэхэр, псысэхэр, хъыбарым щыщ пычыгъуэ зыбжанэ гукIэ ящIэн хуейщ.

Псалъэухам и кIэм щыт нагъыщэм елъытауэ интонацэ ирату и теувыIэгъуэ мащIэхэр (запэтойкIэ къэгъэлъэгъуахэр) даIыгъыу къеджапхъэщ.

## 3 класс

## Личностнэ ехъул1эныгъэхэр:

Адыгэбзэм и макъхэр тэмэму къагъэсэбэпыфу есэнущ. ЕджакIуэхэр щыпсалъэми нэгъуэщIхэм щедаIуэми зэхах бзэм абыхэм гулъытэ нэс хуащIу егъэсэн, макъ къэзыгъэлъагъуэ органхэм зегъэужьыным хущIэкъун. ПсэлъэкIэмкIэ яIэ есэныгъэмрэ зэфIэкIхэмрэ егъэфIакIуэ зэпыту щыгъэтын: мыпIащIэу, зэпIэзэрыту псэлъэным хуегъэсэн, щыпсалъэкIэ хьэуар тэмэму жьэдашэным, ику ит макъкIэ (мыкIийуэ икIи мыщэхуу) псалъэу, хуей щыхъум, макъым зрагъэIэту е ягъэлъахъшэу егъэсэн. Псалъэ псори къэпсэлъынымкIэ ягъуэта есэныгъэмрэ, яIэ хъуа зэфIэкIымрэ нэхъри егъэфIэ-кIуэн, псом хуэмыдэу ахэр зэрызэхэт макъ, пычыгъуэхэр, къэпсэлъыкIэм (орфоэпием) и хабзэхэм къезэгъыу, абы тещIыхьауэ ударенэр тэмэму псалъэм трагъэувэу. Адыгэбзэм и макъхэр тэмэму, щыуагъэншэу къэпсэлъыным, хуегъэсэн псынщIэрыпсалъэхэр, къебжэкIхэр, усэ цIыкIухэр, н. еджэгъуэ къэс къэгъэсэбэпкIэрэ. ЕджакIуэ щхьэхуэхэм я бзэм дагъуэ зэриIэм къыхэкIыу, мытэмэму къапсэлъ макъхэр гъэзэкIуэжыным еджэгъуэм щелэжьын.

## Метапредметнэ ехъул1эныгъэхэр:

УнэтIыныгъэ зэфIэкIхэр псыхьа хъунымкIэ еджакIуэм къехъулIэн хуейщ:

– егъэджэныгъэ екIуэкIым и Iыхьэ зэрыхэлъыр, лэжьыгъэм и кIуэкIэм кIэлъыплъын зэрыхуейр къыгурыIуэныр;
– алгоритм тету, план зэхилъхьам тетуи псалъэкIэ тепсэлъыхьыжыфу егъэсэн, зэкIэлъыкIуэу лэжьэныр, илэжь Iуэхугъуэм тепсэлъыхьыфу есэныр; темэм щыгъуазэ зыщищIкIэ алгоритмым тету елэжьыным егъэсэн;
– егъэджакIуэмрэ и гъусэхэмрэ и лэжьыгъэм кърикIуам щыуагъэ хэтмэ, зэпкърихыжыфыныр;
– и лэжьыгъэм теухуауэ егъэджакIуэм, балигъым, и классэгъухэм къажриIа псалъэхэр къыгурыIуэныр;
– лэжьыгъэр къыщехъулIа къыщемыхъулIа щхьэусыгъуэхэр зэхигъэкIыфыныр;
– жьабзэ, тхыбзэ, гурыгъуазэхэр къигъэсэбэпурэ егъэджэныгъэ лэжьыгъэхэр зэфIихыныр.
– проблемэ игъэуврэ абы и жэуапыр къилъыхъуэу, къигъуэту егъэсэн, мыхъуахэр зэригъэзэхуэжыфу, лэжьыгъэр къипщытэфу;

**Предметнэ ехъул1эныгъэхэр:**

– еджакIуэхэм я къеджэкIэм, я бзэм, я гупсысэкIэм зегъэужьын, кIэлъыплъыныгъэ егъэкIуэкIын;
– бзэм и хабзэ гуэрхэр зэрагъэпэщыным, абы къыдэкIуэуи вывод щхьэхуэхэр щIыным, упщIэхэм жэуап етыным хуэгъэсэн;
– тхыгъэм гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ хэлъ гупсысэр къыхегъэгъуэтэн;
– еджакIуэхэм къагурыIуэн адыгэбзэмрэ адыгэ лъэпкъымрэ гуэхыпIэ имыIэу зэрызэпхар, абы ипкъ иткIэ адыгэбзэр фIыуэ лъагъун икIи къабзэу, шэрыуэу ирипсэлъэн зэрыхуейр;
– фIыр Iейм, сэбэпыр зэран хъум къыгуагъэкIыфу, Iейр Iумпэм ящIыфу, зэран хъум пэщIэувэфу зэрыщытын хуейр егъэщIэн.
– Къызэджэ художественнэ тхыгъэхэр къагурыIуэу (зэхащIыкIыу), хуабжьагъ-псынщIагъыр тэмэму, хуагъэув мардэр ягъэзащIэу, псалъэхэр зэрыпсэууэ къеджэфу щытын хуейщ. Псалъэхэм я ударенэм иригъуазэу, къызэджэ псалъэхэр дамыгъэхуу, абыхэм зэхъуэкIыныгъэ ирамыгъэгъуэту, псалъэухам щымыщ къыхамыгъыхьэу къеджэн хуейщ.

**4 класс**

**Личностнэ ехъул1эныгъэхэр.**

Къызэджэр къыгурыIуэу, къеджэкIэр тэмэму, гъэхуарэ зэхэщIыкIыгъуэу къеджэн хуейщ. Псалъэухам хэлъ мыхьэнэ нэхъыщхьэр зэпха псалъэр ударенэкIэ къыхагъэщыфу, егъэджакIуэм гупсэхуу едаIуэрэ упщIэ игъэувхэм жэуап иритыфу щытын хуейщ.

Сюжет тынш зиIэ сурэтхэм теухуауэ упщIэ къратхэм жэуап тэмэм иратыфын, сурэтхэм щалъагъу Iуэхугъуэхэм япкъ иткIэ езы еджакIуэхэм упщIэ гуэрхэр ягъэувыфын, абыхэм жэуап тэмэм иратыфын хуейщ.

ЕджакIуэхэм я нэгу щIэкIахэм, я гъащIэм къыщыхъуахэм теухуауэ зэкIэлъыкIуэкIэ пыухыкIа гуэрым тету къыжаIэжыфын хуейщ.

Усэхэр, псысэхэр, хъыбарым щыщ пычыгъуэ зыбжанэ гукIэ ящIэн хуейщ.

– хуабжьагъ-псынщIагъ, псалъэхэр зэрыIум и инагъ, щIэжьыуэ иIэныгъэ, лъэгагъ-лъахъшагъ (макъым зегъэIэтыныгъэ, ар гъэлъэхъшэныгъэ) жыхуаIэхэр къагъэсэбэпурэ, псалъэхэр тэмэму мардэм иту къапсэлъыфу егъэсэн;
– зэджэ тхыгъэм епха упщIэхэмрэ лэжьыгъэхэмрэ къагъэсэбэпыфын, егъэджакIуэр къадэIэпыкъуурэ;

– анэдэлъхубзэм зэрелэжьын тетрадым ит лэжьыгъэхэр тэмэму ягъэзэщIэфу егъэсэн;
– и фIэщыгъэцIэмрэ и иллюстрацэхэмкIэ тхылъым итынур хуагъэфэщэфын;
– къызэджэр егъэджакIуэм и упщIэхэмкIэ къыжаIэжыфыным теухуа есэныгъэм зегъэужьын, зэджам зыщрихьэлIа къэхъукъащIэхэмрэ тхыгъэм цIыху хэтхэм я IуэхущIафэхэмрэ къекIу-къемыкIу, къезэгъ-къемызэгъ и лъэныкъуэкIэ зыхуэдэр яубзыхуфын;

## Метапредметнэ ехъул1эныгъэхэр.

Познавательнэ зэфIэкIхэр псыхьа хъунымкIэ еджакIуэм къехъулIэн хуейщ:
– еджакIуэхэм я бзэм я къэухьым зегъэужьыныр,
– езыр-езыру, гуп хэту лэжьэфу есэн, темэм теухуауэ ящIэр рассказ кIэщIым къыщаIуэтэжын;
– къыжраIэр зэхихрэ псалъэкIэ зэхуэмыдэхэр къыгурыIуэу есэныр,;
– тхылъым и напэкIуэцхэм (тхылъ, тхылътебзэ, форзац, напэкIуэцI, зэрыгъуазэ дамыгъэ, графическэ дамыгъэхэр, псалъащхьэхэр, н.) щыгъуазэу хуэIэижьу щытыныр, апхуэдэу электрон Iэмалхэми щыгъуэзэныр;
– тексту, таблицэу, схемэу илъагъухэр къыгурыIуэрэ абыхэм елэжьыфу есэныр;
– урокым и пэщIэдзэм ягъэува къалэныр егъэджакIуэр и гъусэу зэфIэгъэкIыфыныр;
– текстым зэрелэжь Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр къэгъэсэбэпыныр (мыхьэнэ нэхъыщхьэ, купщIэ, (ключевое слово) къыхэджыкIын, къыхэтхыкIын, псалъэ дэгъэхуахэр хэгъэувэжын, н.)
– щхьэхуэурэ щыт хьэрфхэр, дамыгъэхэр, сурэтхэр е псалъэхэр зы гупу зэуIу щIын, зэхэгъэувэжын (егъэджакIуэр кIэлъыплъу);
– лэжьыгъэр щигъэзащIэкIэ бгъэдыхьэкIэ зэмылIэужыгъуэхэр къигъэсэбэпыфу есэн;
– Коммуникативнэ зэфIэкIхэр псыхьа хъунымкIэ еджакIуэм къехъулIэн хуейщ:
– упщIэхэр гъэувын, адрейхэм едэIуэфу, упщIэхэм жэуап иритыфу есэн;
– езым и еплъыкIэ иIэжу, я фIэщ ищIыфу, хуиту псалъэмакъым хешэф, псоми бгъэдыхьэкIэ къахуигъуэту йосэ;

## Предметнэ ехъул1эныгъэхэр.

ЕджакIуэхэр сыт хуэдэ тхыгъэхэм къеджэу щытми, а къеджэныгъэм къыдэкIуэу Iэмал имыIэу ягъэзэщIэн хуейщ бзэм зиужьыным хуиунэтIа лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Апхуэдэ лэжьыгъэхэм ящыщхэщ мыхэр:
– къызэджэ текстым гъэсэныгъэ хэлъыр я зэхэлъыкIэм, я ухуэкIэм гу лъатэныр;
– текстыр Iыхьэ щхьэхуэурэ зэпаудыфыныр икIи дэтхэнэ зы Iыхьэми псалъащхьэ хуащIыныр; Къызэджэ художественнэ тхыгъэхэр къагурыIуэу (зэхащIыкIыу), хуабжьагъ-псынщIагъыр тэмэму, хуагъэув мардэр ягъэзащIэу, псалъэхэр зэрыпсэууэ къеджэфу щытын хуейщ. Псалъэхэм я ударенэм иригъуазэу, къызэджэ псалъэхэр дамыгъэхуу, абыхэм зэхъуэкIыныгъэ ирамыгъэгъуэту, псалъэухам щымыщ къыхамыгъыхьэу къеджэн хуейщ.
– къызэджам план хуагъэувыфыныр икIи ар планым тету къаIуэтэжыфыныр;
– текстым и пэмкIэ е и кIэмкIэ къыпагъэувэфыныр;

– тхыгъэ гуэрхэм я аналогиекIэ рассказ мыин зэхалъхьэфыныр;
– тхыгъэм къыхуэхьа сурэтым тепсэлъыхьыныр, нэгъуэщIхэри.

ЕплIанэ классым къызэджэнухэр адэ щIыналъэр, адыгэ лъэпкъыр, ди хабзэ-нэмысыр, дыкъэзыхъуреихь дунейр зыгъэлъапIэ, художественнэ лъэпIэныгъэ зиIэ тхыгъэхэрщ.

ПэщIэдзэ классхэм и еплIанэ гъэ еджэгъуэм урокым хухэха зэманым и нэхъыбапIэр тхыгъэм къеджэнымрэ абы елэжьынымрэ теухуауэ щытын хуейщ.

## 3. Ирагъэдж предметыр зэрызэхэтыр (содержание предмета):

### 1 класс

Бзэр зыхурагъаджэ (ирагъэдж) предмету къапщтэмэ, абы и щытыкIэ нэхъыщхьэу къыхощ ар Iуэхугъуэ зыбжанэм теухуауэ (ехьэлIауэ) зэрыщытыр. Бзэр лъэныкъуэ зыбжанэкIэ ядж. Убгъуауэ къапщтэмэ, бзэм хохьэ:

- псэлъэныр (зыгуэр къэIуэтэнымрэ жаIэр зэхэщIыкIынымрэ);
- бзэмкIэ тхауэ щыIэр (ядж бзэмкIэ тхауэ щыIэ псори зэгъэуIуауэ);
- бзэм и зэхэлъыкIэ хабзэхэр (псалъэхэмрэ грамматикэмрэ).

Бзэр бэяну, белджылыуэ щызекIуэр къэIуэтэныгъэм (псэлъэным) дежщ. Адрей IуэхугъуитIым хэкIыпIэ яхуэхъур:

а) бзэр зыIурылъым ар къызэригъэсэбэпым кърикIуэхэращ (къихьахэрщ),

б) щIэныгъэлIхэм бзэр зэрызэхэлъ хабзэхэр зэраджам къигъэлъагъуэхэрщ (бзэм зэрызиужь, зэрызэхэлъ, зэрызихъуэж хабзэхэр).

А Iуэхугъуищри (бгъэдыхьэкIищри) стандартым къызэщIиубыдэм хыхьэн хуейщ:

Псэлъэныр – бзэр белджылыуэ, бэяну щызекIуэр (зыгуэр къэIуэтэныр) хохьэ, ар зэгъэщIэныр бзэм хуегъэджынымкIэ школым и мурад нэхъыщхьэу зэрыщытым къыхэкIкIэ, бзэмкIэ тхауэ щыIэхэмрэ бзэм и зэхэлъыкIэмкIэ хабзэхэр джа, къэхута зэрыхъуам кърикIуахэмрэ щIыхагъэхьэр ахэр бзэм хуегъэджынымкIэ Iэмалу, хэкIыпIэу щытщи аращ.

Зи стилрэ жанркIэ зэхуэмыдэу бзэмкIэ щыIэ тхыгъэхэм (лэжьыгъэхэм), дидактическэ материалу къагъэсэбэпхэм езы бзэр ирагъащIэ, абы и зэфIэкIхэм щыгъуазэ ящI; жьэрыIэзэу псэлъэным, псэлъэкIэ шэрыуэм и щапхъэхэр ягу ираубыдэкIэрэ езыхэр зэрыпсалъэ бзэм щыщ мэхъу.

Бзэм и зэхэлъыкIэ хабзэхэр, е нэгъуэщIу жыпIэмэ бзэм и зэхэлъыкIэмкIэ щIэныгъэм къихутахэр щIэныр дэIэпыкъуэгъу мэхъу бзэм езыр-езыру игъуэта щытыкIэхэр къагурыIуэу есэнымкIэ. Яджыр къагурыIуэу, зэхащIыкIыу щытмэ, абы къызэфIигъэкIынущ зэрызэрагъащIа щIыкIэр зыхуэдэр къэпщытэнри абы езым икъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ еджакIуэхэм я зэфIэкIхэмрэ есэныгъэхэмрэ щрагъэфIакIуэ лъэхъэнэм.

Аращи, анэдэлъхубзэм хуегъэджэным къызэщIиубыдэмрэ и зэхэлъыкIэмрэ къагъэлъагъуэ ядж Iуэхугъуэр (бзэр), абы и лъэныкъуэкIэ псори хыхьэу, ауэ школым щызэрагъэщIэн хуейм нэхърэ мынэхъыбэу, абы щыгъуэми гъащIэм бзэр къыщагъэсэбэпынымкIэ къыпэщыт къалэнхэр къызэфIигъэкIын хуэдэу.

Адыгэбзэр пэщIэдзэ классхэм щыджыныр хуэунэтIащ мыпхуэдэ мурадхэр зэгъэхъулIэным:

• школакIуэхэм я бзэм, я гупсысэкIэм, я зэхэщIыкIым зегъэужьыныр, здыхэт, зэпсалъэ(хэ)м елъытауэ бзэм и Iэмалхэр къыхихыфыныр, гукъэкIымрэ бзэр зэрызэхищIэмрэ егъэфIэкIуэныр;

• адыгэбзэм и лексикэм, фонетикэм, грамматикэм ятеухуауэ щIэдзапIэ хъу щIэныгъэ етыныр; бзэм и къэхъугъэ яджхэр нэхъ къызэрыгуэкI дыдэу зэрызэпкърихыфын зэфIэкI хэлъхьэныр;

• анэдэлъхубзэм пщIэ хуищIу, фIыуэ илъагъуу гъэсэныр, ар къабзэу хъума хъунымкIэ езым и пщэ къалэн къызэрыдэхуэр зэхегъэщIыкIым, къы-далъхуа псалъэр кумуэ иджыным хуэущииныр, езым и бзэр зэрыригъэфIэкIуэным хущIэгъэкъуныр.

**ПэщIэдзэ классхэм адыгэбзэмкIэ щагъуэт щIэныгъэхэм нэхъ мащIэ дыдэу Iэмал имыIэу къызэщIаубыдэн хуейхэр**

**ЕдэIуэныр.** Псалъэмакъ зэхихыр къыгурыIуэныр.

**Псэлъэныр.** Здыхэт, зэпсалъэ елъытауэ бзэм и Iэмалхэр жьэрыIуатэбзэм къыщыгъэсэбэпыныр. Зыгуэрым епсэлъэныр, и закъуэу псэлъэным хуэшэрыуэ хъуныр (зыгуэр тепсэлъыхьыным, хъыбар Iуэтэным, сабийхэм зыхащIыкI темэ гуэрым хэпсэлъыхьыфыным). ЦIыху хэтыкIэм ехьэлIа хабзэхэр зэгъэщIэныр (фIэхъус тыкIэ, сэлам ехыжыкIэ, къыпхуагъэгъуну лъэIуэныгъэ, фIыщIэ щIыныгъэ, лъэIукIэ зыхуэгъэзэныгъэ). КъэпсэлъыкIэ, интонацэ тэмэмым тетыныр.

**Къеджэныгъэр.** Зыхуеджэ тхыгъэм, лэжьыгъэ кърат ым, пэжырытхэ хабзэ, нэгъуэщI убзыхуныгъэхэм къеджэнымрэ ахэр къыгурыIуэнымрэ. Хэчыхьауэ къеджэныр: зыхуей зэреджэн материалыр къигъуэтыфыныр.

Коммуникативнэ компетенцэр – бзэм къэгъэсэбэпыкIэу иIэ псоми, жьэрыIуатэбзэми тхыбзэми яхэлъын хуей культурэ лъабжьэми хуэIэрыхуэ ухъуныр щ, еджакIуэр езым и ныбжь елъытауэ здыхэхуэ щытыкIэхэм бзэр къыщигъэсэбэпыфыныр щ.

Бзэ, бзэщIэныгъэ компетенцэр – бзэр дамыгъэ системэу икIи жылагъуэ къэхъугъэу къэзыгъэлъагъуэ щIэныгъэм ущыгъуэзэныр щ, ар зэрызэхэлъым, зэрызиужьым, зэрилажьэм хэщIыкIыныр щ; бзэщIэныгъэр зищIысыр пщIэныр щ, адыгэбзэм елэжьа щIэныгъэлIхэр пцIыхуныр щ; адыгэ литературэбзэм и хабзэ нэхъыщхьэхэм утетыныр щ; еджакIуэхэм я бзэр псалъэ зэрызэхэткIи, грамматикэ ухуэкIэкIи нэхъ къулей щIыныр щ; бзэм къыщы-хъухэр зэпкърыхыфыныр щ; бзэм и псалъалъэ зэмылIэужьыгъуэхэр къэгъэсэбэпыфыныр щ.

ЕджакIуэм езым еджэныгъэм хуиIэ щытыкIэр ***(личностные)***– бзэр лъэпкъ щэнхабзэр къэзыгъэлъагъуэ формэу зэрыщытыр, лъэпкъым и бзэмрэ и тхыдэмрэ быдэу зэрызэпыщIар, адыгэбзэм къыщхьэщыкIыныгъэу, гъэщIэгъуэнагъыу хэлъхэр къыбгурыIуэныр щ, бзэм дахэу, щэныфIэу урипсалъэу зыбгъэсэныр щ.

**Езанэ классым еджакIуэхэр щегъэджэныр Iыхьищу бгуэш хъунущ:** еджэкIэмрэ тхэкIэмрэ щыхуагъэхьэзыр лъэхъэнэ, азбукэр щрагъэдж лъэхъэнэ, азбукэ нэужь еджэныгъэ.

**КъеджэкIэмрэ тхэкIэмрэ щыхуагъэхьэзыр лъэхъэнэм къызэщIеубыдэ (сыхь. 10):**

**Псалъэмрэ псалъэухамрэ.** Дамыгъэ итхъахэр къагъэсэбэпаурэ бзэр псалъэухахэу, псалъэухахэр псалъэу, псалъэхэр пычыгъуэ-пычыгъуэу зэпаудыфу хуэм-хуэмурэ еджакIуэхэр егъэсэн.

**Пычыгъуэр, ударенэр.** Псалъэр пычыгъуэкIэрэ зэпыгъэщхукIын (зэпыудын), псалъэм ударенэр тегъэувэн (ударенэр макъкIэ

къыхэгъэщхьэхукIын, ударенэр зытелъ пычыгъуэр нэхъ хэкъузауэ къэпсэлъаурэ), псалъэухам иIэ щытыкIэр, псалъэр зэрызэхэт пычыгъуэ бжыгъэр еджакIуэхэм къахутэфу егъэсэн хуейщ.

**Макъхэмрэ хьэрфхэмрэ.** Адыгэбзэм и макъэхэм щыгъэгъуэзэн, щызэхэпхкIи къыщупсэлъкIи макъзешэхэмрэ макъ дэкIуашэхэмрэ (дэгухэмрэ жьгъыжьгъхэмрэ) зэхэгъэкIыфу егъэсэн: макъыр къыщапсэлъкIэ жьэ кIуэцIым хьэуар хуиту къыжьэдэкIрэ абы зыгуэр пэщIэуэрэ, макъзешэхэм пычыгъуэ къагъэхъуу зэрыщытыр егъэщIэн.

Псалъэм макъ щхьэхуэхэр къыхэгъэщхьэхукIын (макъзешэ, макъ дэкIуашэ), псалъэр зэрызэхэт пычыгъуэхэмрэ макъхэмрэ яхузэпкъырыхын (псалъэм хэт макъхэм я бжыгъэр, ахэр зэрызэкIэлъыхьар, яIэ щытыкIэхэр IупщI щIын, ударенэр зытелъ пычыгъуэр къыхэгъэщхьэхукIын, псалъэм и къэпсэлъыкIэмрэ и тхыкIэмрэ зэхуэхьын, ар зэрызэхэт пычыгъуэхэмрэ макъхэмрэ къыщыгъэлъэгъуа схемэм иригъуазэурэ).

Макъхэр хэту псалъэ гуэрхэр къэгупсысын, псалъэм и къэпсэлъыкIэмрэ (абы и IукIэмрэ) ар зэрызэхэт макъхэм хуащIа схемэмрэ зэрызэхуэкIуэр гъэбелджылын.

Мы лъэхъэнэм и Iэмал нэхъыщхьэр псалъэр зэрызэхэт макъхэмкIэ зэпкъырыхынырщ, макъхэр псалъэу зэхэгъэувэнырщ, еджакIуэхэм я бзэм зегъэужьынырщ

## 2 класс

Анэдэлъхубзэр яджыныр щытын хуейщ гъэсэнигъэ и лъэныкъуэкIэ нэхъыбэ дыдэ къызыфIэзыгъэкI предмету, еджакIуэхэм я акъылым зиужьыным дэIэпыкъуэгъу ину, абыхэм я гупсысэкIэмрэ я псэлъэкIэмрэ зэпымычу ефIэкIуэным хуэзышэу. Абы еджакIуэхэр иригъэсэн хуейщ жьэрыIуатэри тхыбзэри фIыуэ къагурыIуэу, езыхэм я гупсысэкIэхэр гурыIуэгъуэу икIи шэрыуэу къаIуэтэфу. Бзэм цIыхум дежкIэ зищIысымрэ абы цIыхум къыхуигъэзащIэмрэ фIыуэ къагурыIуауэ анэдэлъхубзэр джыным щIэдзэн хуейщ. Бзэ щымыIэмэ, цIыхуи щыIэкъым. Бзэ зимыIэм цIыхукIэ еджэркъым. Ар псом япэ къыгурыIуауэ щытын хуейщ анэдэлъхубзэ зыджыну щIэзыдзэ сабийхэм.

Тхыгъэм нэхъыщхьэу иралэжьынухэр:

- тхыгъэм хуагъэува упщIэхэм жэуап иратыфын (егъэджакIуэр ядэIэпыкъуурэ);
- жэуап иратым щыхьэт техъуэ псалъэхэр, псалъэухахэр тхыгъэм къыхагъуэтэжыфын;
- тхыгъэр къазэрыщыхъуар къыжаIэфын;
- тхыгъэр жьэрыIуатэу къаIуэтэжыфын;
- тхыгъэм план хуагъэувыфын, планым тету къаIуэтэжыфын (егъэджакIуэр ядэIэпыкъуурэ);
- жьэрыIуатэу тхыгъэм сурэт хуэщIыфын;
- тхыгъэм хуэщIа сурэтым къикIыр зэпкърахыфын;
- тхыгъэр Iыхьэ-Iыхьэурэ зэпыудыфын, Iыхьэ къэс псалъащхьэ хуэщIыфын (егъэджакIуэр ядэIэпыкъуурэ);
- къызэджам къиIуатэ гупсысэ нэхъыщхьэр къыхахыфын (егъэджакIуэр ядэIэпыкъуурэ);
- художественнэ тхыгъэм тхакIуэм къыщигъэсэбэпа псалъэхэм гулъытэ хуэщIыфын;
- мыхьэнэкIэ зэпэгъунэгъу псалъэхэр зралъытыфын;

- къэхъукъащIэхэм, гъэм и зэманхэм, дунейм и теплъэхэм, цIыхухэм я хьэл-щэнхэм щыхьэт техъуэ псалъэхэр тхыгъэм къыхагъуэтэфын (егъэджакIуэр ядэIэпыкъуурэ).

- еджакIуэхэм я къеджэкIэм, я бзэм, я гупсысэкIэм зегъэужьын, кIэлъыплъыныгъэ егъэкIуэкIын;
- бзэм и хабзэ гуэрхэр зэрагъэпэщыным, абы къыдэкIуэуи вывод щхьэхуэхэр щIыным, упщIэхэм жэуап етыным хуэгъэсэн;
- тхыгъэм гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ хэлъ гупсысэр къыхегъэгъуэтэн;
- еджакIуэхэм къагурыIуэн адыгэбзэмрэ адыгэ лъэпкъымрэ гуэхыпIэ имыIэу зэрызэпхар, абы ипкъ иткIэ адыгэбзэр фIыуэ лъагъун икIи къабзэу, шэрыуэу ирипсэлъэн зэрыхуейр;
- фIыр Iейм, сэбэпыр зэран хъум къыгуагъэкIыфу, Iейр Iумпэм ящIыфу, зэран хъум пэщIэувэфу зэрыщытын хуейр егъэщIэн.

Анэдъэлъхубзэр джыным е-2-нэ классым зы сыхьэт хухах. Абы ипкъ иткIэ класс къеджэныгъэр сыхьэт 51-рэ мэхъу.
Яджыну разделхэр: «Адыгэ IуэрыIуатэ», «Бжьыхьэ», «Къуажэмрэ къалэмрэ», «ЩIымахуэ», «Ди ныбжьэгъуфI псэущхьэхэр», «Дунейпсо цIыхубз махуэшхуэр», «Гъатхэ».

**Гъэ еджэгъуэм и кIэм еджакIуэхэм яхузэфIэкIыпхъэщ:**

Тхыгъэм къиIуатэм хуагъэув упщIэхэм жэуап иратыфын, тхыгъэм теухуауэ жьэрыIуатэу езыхэм къыжаIэм щыхьэт техъуэ псалъэхэр езы текстым къыхагъуэтэжыфын.
Къызэджа тхыгъэм къикIыр къэIуэтэжыфын, сурэтурэ зэхэлъу ящI планри, тхыгъэм дэщIыгъу планри къагъэсэбэпурэ.
ЖьэрыIуатэ тхыгъэм сурэт хуащIыфын, тхылъым ит сурэтым къикIыр зэпкърахыфын, абы мыхьэнэкIэ къепхауэ тхыгъэм хэт псалъэухахэр къыхахыфын.
Тхыгъэр Iыхьэурэ зэпаудыфын, Iыхьэхэм псалъащхьэ хуэщIын, Iыхьэ къэс гупсысэ нэхъыщхьэ хэлъыр къыхахыфын.
КъэхъукъащIэ гуэрхэм, дунейм теплъэхэм, гъэм и зэманхэм, цIыхухэм я хьэл-щэнхэм щыхьэт техъуэ псалъэхэр тхыгъэм къыхагъуэтэфын икIи абы ипкъ иткIэ ахэр псалъэкIэ сурэт ящIурэ уи нэгу къыщIагъэувэфын.
Литературэм и лэужьыгъуэхэр – усэхэр, рассказхэр, псысэхэр, таурыхъхэр зэхацIыхукIыу есэн.

## 3 класс

КъеджэкIэрэ тхэкIэрэ щрагъащIэ урокхэр дэIэпыкъуэгъу хъууэ щытын хуейщ еджакIуэхэм сыт и лъэныкъуэкIэ заужьынымкIэ, ныбжьэгъугъэм,лэжьыгъэм хуэгъэсэнымкIэ, еджэныр яфIэфI хъунымкIэ.
Къеджэныгъэм къызэщIеубыдэ классым къызыщеджэри классым щаджым нэмыщI, къызэджэри (мыкласс еджэныгъэр). Апхуэдэ лэжьыгъэр щекIуэкI Iыхьэщ, пэщIэдзэ классхэм я 2-4 классхэр.
Е-3-нэ классым тхыгъэм щелэжьым деж ялэжьыпхъэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр:

– тхыгъэм хуэгъэува упщIэхэм жэуап иратыфын;

– жэуап иратым щыхьэт техъуэ псалъэухахэр, тхыгъэм щыщ Iыхьэхэр къыхагъуэтэфын;
– тхыгъэр къазэрыщыхъуар къыжаIэфын;
– тхыгъэм план хуагъэувыфын, абы тетуи къаIуэтэжыфын;
– тхыгъэм къыхуэхьа сурэтым тепсэлъыхьыфын, ар зэпкърахыфын;
– тхыгъэр Iыхьэ-Iыхьэурэ зэпаудыфын, Iыхьэ къэс псалъащхьэ, сурэт хуащIыфын;
– къызэджам щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр къахутэфын;
– художественнэ тхыгъэм тхакIуэм къыщигъэсэбэпа псалъэхэм гулъытэ хуащIыфын;
– къэхъукъащIэхэм, гъэм и зэманхэм, цIыхухэм я хьэл-щэнхэм щыхьэт техъуэ псалъэхэр тхыгъэм къыхэгъуэтэфын.
Ещанэ классым къеджэнымкIэ и программэм еджакIуэхэр тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыгъуазэ ещI. Апхуэдэхэщ усэхэр, уэрэдхэр, къуажэхьхэр, псалъэжьхэр, псынщIэрыпсалъэхэр, нэщэнэхэр, рассказхэр, тхыгъэ нэхъ инхэм щыщ пычыгъуэхэр. Ахэр псори я бзэкIэ зытепсэлъыхь Iуэхугъуэхэм, еджакIуэхэм ягъуэта щIэныгъэм елъытауэ я ныбжьым къезэгъыу къыхахащ.
ПэщIэдзэ классхэм щаджым нэмыщI къеджэныгъэр сабийхэр адыгэбзэм хуегъэджэнымкIэ Iэмал имыIэу зыхуей Iуэхугъуэхэм ящыщ зыуэ къэлъытапхъэщ.
- хуабжьагъ-псынщIагъ, псалъэхэр зэрыIум и инагъ, щIэжьыуэ иIэныгъэ, лъэгагъ-лъахъшагъ (макъым зегъэIэтыныгъэ, ар гъэлъэхъшэныгъэ) жыхуаIэхэр къагъэсэбэпурэ, псалъэхэр тэмэму мардэм иту къапсэлъыфу егъэсэн;
- зэджэ тхыгъэм епха упщIэхэмрэ лэжьыгъэхэмрэ къагъэсэбэпыфын, егъэджакIуэр къадэIэпыкъуурэ;
- анэдэлъхубзэм зэрелэжьын тетрадым ит лэжьыгъэхэр тэмэму ягъэзэщIэфу егъэсэн;
- и фIэщыгъэцIэмрэ и иллюстрацэхэмкIэ тхылъым итынур хуагъэфэщэфын;
- къызэджэр егъэджакIуэм и упщIэхэмкIэ къыжаIэжыфыным теухуа есэныгъэм зегъэужьын, зэджам зыщрихьэлIа къэхъукъащIэхэмрэ тхыгъэм цIыху хэтхэм я IуэхущIафэхэмрэ къекIу-къемыкIу, къезэгъ-къемызэгъ и лъэныкъуэкIэ зыхуэдэр яубзыхуфын;
- езыр-езыру тхылъ еджэн и лъэныкъуэкIэ ягъуэт есэныгъэхэр егъэбыдылIэн;
- литературэм теухуа джэгукIэ тыншхэм щыгъэгъуэзэн;
- къызэджа тхыгъэхэм къыхаха (ягу нэхъ ирихьа) Iыхьэхэр инсценеровкэ ящIыфын, абы хэт цIыху щхьэхуэхэм я ролыр ягъэзэщIэфын.
ПэщIэдзэ классхэм къеджэныгъэмкIэ еджакIуэхэм щыдрагъэкIуэкI лэжьыгъэм мы Iуэхугъуэхэр къызэфIигъэкIын хуейщ:
- жьакIуэу псалъэныр;
- тхылъымрэ тхыгъэ щхьэхуэхэмрэ елэжьынымкIэ есэныгъэ тэмэмхэр егъэгъуэтыныр;
- къэIуэтэныгъэ зэпхамкIэ яIэ хъуа зэфIэкIхэм зегъэужьыныр, хэпщIыкIыу абыхэм хэгъэхъуэныр, тэмэму, гъэхуауэ усэ еджэныр.

## 4 класс

Анэдэлъхубзэр еджакIуэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ предмету, езым Iуэхугъуэ куэд къызэщIиубыдэу щытщ. ЦIыхур цIыхуу щытын папщIэ, абы Iэмал имыIэу бзэ Iурылъу адыгэ лъэпкъым и гурыгъу-гурыщIэхэр, и зэхэщIыкIыр къиIуэтэфу щытын хуейщ.

Анэдэлъхубзэм хухэха урокхэмрэ абы епха адрей урокхэмрэ нэмыщI нэгъуэщI зэманхэм къалэжь Iуэхугъуэхэми мыхьэнэшхуэ иIэу

къыщосэбэп анэдэлъхубзэр. Аращ  ар шэрыуэу пэщIэдзэ классхэм щаджын, щызэрагъэщIэн щIыхуейри. Ар класс нэхъыщIэхэм зэрыщаджым куэд къызыфIигъэкIын хуейщ гъэсэныгъэм и лъэныкъуэкIэ.

ПэщIэдзэ классхэм щIэс еджакIуэхэм икъукIэ кууэ зэхащIэ IуэрыIуатэмрэ художественнэ произведенэхэмрэ гъэсэныгъэ хэлъыр.

Художественнэ литературэм щыщ тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм еджакIуэхэр къыщрагъаджэкIэ егъэджакIуэхэм я нэIэ трагъэтын хуейщ а тхыгъэхэм къаIуатэ гупсысэ нэхъыщхьэхэр цIыкIухэм ауэ сытми къагурыIуэн къудейм къыщымынэу, кууэ зэхрагъэщIэным, зэхэщIыкIыгъуэу икIи гъэхуауэ къеджэным и бгъэдыхьэкIэ нэхъыфI дыдэхэр къэгъэсэбэпурэ.

ЕджакIуэхэр сыт хуэдэ тхыгъэхэм къеджэу щытми, а къеджэныгъэм къыдэкIуэу Iэмал имыIэу ягъэзэщIэн хуейщ бзэм зиужьыным хуиунэтIа лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Апхуэдэ лэжьыгъэхэм ящыщхэщ мыхэр:

- къызэджэ текстым гъэсэныгъэ хэлъыр я зэхэлъыкIэм, я ухуэкIэм гу лъатэныр;
- текстыр Iыхьэ щхьэхуэурэ зэпаудыфыныр икIи дэтхэнэ зы Iыхьэми псалъащхьэ хуащIыныр;
- къызэджам план хуагъэувыфыныр икIи ар планым тету къаIуэтэжыфыныр;
- текстым и пэмкIэ е и кIэмкIэ къыпагъэувэфыныр;
- тхыгъэ гуэрхэм я аналогиекIэ рассказ мыин зэхалъхьэфыныр;
- тхыгъэм къыхуэхьа сурэтым тепсэлъыхьыныр, нэгъуэщIхэри.

ЕплIанэ классым къызэджэнухэр адэ щIыналъэр, адыгэ лъэпкъыр, ди хабзэ-нэмысыр, дыкъэзыхъуреихь дунейр зыгъэлъапIэ, художественнэ лъэпIэныгъэ зиIэ тхыгъэхэрщ.

ПэщIэдзэ классхэм и еплIанэ гъэ еджэгъуэм урокым хухэха зэманым и нэхъыбапIэр тхыгъэм къеджэнымрэ абы елэжьынымрэ теухуауэ щытын хуейщ.

- еджакIуэхэр жьакIуэу адыгэбзэкIэ псэлъэфу, тхыгъэм, усэм тэмэму еджэфу егъэсэн;
- тхыгъэм тэмэму елэжьыфу, тхыгъэм теухуа  къэIуэтэныгъэр ягъэзэщIэфу егъэсэн;
- тхылъ еджэныр фIыуэ ялъагъун, сабийм литературэм дегъэхьэхын;
- тхыгъэм и купщIэр къыхахыфу, ар гъэсэныгъэм ирапхыфу, зэлъытыныгъэхэр ящIыфу егъэсэн.

**4. Тематическэ план**

Предметыр яджк1эрэ, ягъуэтынущ гъэсэныгъэ-ущииныгъэ мыхьэнэ зи1э 1уэхугъуэхэу:

- лэжьыгъэр ф1ыуэ ялъагъуу, ирагъажьэ 1уэхур яф1эф1у ягъэзащ1эу, и к1эм нагъэсыфу есэнущ;
- щалъхуа я Хэкур зыхащIэу, фIыуэ ялъагъуу къэтэджынущ;
- губзыгъагъэр, чэнджэщыфIыр яфIэфIу, абы пщIэ лей хуащIу есэнущ, я хьэл-щэным фIы и лъэныкъуэкIэ зиужьынущ;
- фIы пщIэным и мыхьэнэр къащIэнущ;
- захуагъэмрэ пэжыгъэмрэ я фIагъыр зыхащ1энущ; цIыхухэм яку дэлъыпхъэ зэхущытыкIэр къащ1энущ;
- щ1э гуэр къащ1эным хущ1экъуу, щ1эныгъэм мыхьэнэуэ и1эр зыхащ1эу къэтэджынущ;
- зэдауэ гуэр хъуамэ, зауэ-банэ хэмыту, акъылк1э зэхагъэк1ыфу есэнущ;

**2 класс**

| № | Темэхэр | Сыхьэт бжыгъэр | Къызэра пщытэ лэжьыгъэхэр | Ящ1апхъэхэр (Основные виды деятельности учащихся) |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Псалъапэ (Введение) | 2 | | |
| 2 | «IуэрыIуатэ – дыщэ пхъуантэ» («Фольклор – золотой ларец») | 6 | | |
| 3 | «Бжьыхьэ дыщафэ» («Золотая осень») | 6 | | |
| 4 | «Ди ныбжьэгъуфI псэущхьэхэр» («Наши друзья – животные») | 6 | | |
| 5 | «ЩIымахуэр щIыIэми, зэман дахащэщ»(«Люблю природу зимой») | 8 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 6 | «Лэжьыгъэр гуфIэгъуэщ» («Труд – радость») | 7 | | |
| 7 | «Хэкум дрогушхуэ!» («Мы гордимся своейРодиной!») | 5 | | |
| 8 | «Къытхуеблагъэ, гъатхэ!» («Добро пожаловать, весна!») | 7 | | |
| 9 | «Гъэмахуэ тхъэжыгъуэ» («Летнее изобилие») | 4 | | |
| **Псори:** | | **51** | | |

**3 класс**

| № | Темэхэр | Сыхьэт бжыгъэр | Къызэра пщытэ лэжьыгъэ хэр | Ящ1апхъэхэр (Основные виды деятельности учащихся) |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Псалъапэ (Введение) | 2 | | |
| 2 | Адыгэ IуэрыIуатэ (Адыгское устное народное творчество) | 4 | | |
| 3 | Литературнэ псысэхэр (Литературные сказки) | 2 | | |
| 4 | «Бжьыхьэ» («Осень») | 4 | | |
| 5 | «Дыкъэзыухъуреихь дуней» («Мир вокруг нас») | 5 | | |
| 6 | Сабийхэм я хьэл-щэныр (Поведение и характер детей) | 4 | | |
| 7 | «ЩIымахуэ» («Зима») | 6 | | |
| 8 | «Лэжьыгъэм цIыхур егъэлъапIэ»(«Труд возвышает человека») | 8 | | |
| 9 | «Гъатхэ» («Весна») | 7 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 10 | «Хэкур хъумэныр къалэн лъапIэщ» («Защита Родины – святая обязанность») | 5 | | |
| 11 | «Гъэмахуэ» («Лето») | 4 | | |
| **Псори:** | | **51** | | |

**4 класс**

| № | Темэхэр | Сыхьэт бжыгъэр | Къызэр апщытэ лэжьыгъэхэр | Ящ1апхъэхэр (Основные виды деятельности учащихся) |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Адыгэ IуэрыIуатэ (Адыгское устное народное творчество) | 4 | | |
| 2 | «Бжьыхьэ дыщафэ» («Золотая осень») | 3 | | |
| 3 | «ЩIымахуэ» («Зима») | 3 | | |
| 4 | «Зэныбжьэгъуныгъэ» («Дружба») | 4 | | |
| 5 | «Ди Хэкур» («Наша Родина») | 3 | | |
| 6 | «Гъатхэ» («Весна») | 4 | | |
| 7 | Щремыпэ зауэ!» («Пусть не будет войны!») | 3 | | |
| 8 | «Псэущхьэхэмрэ къэкIыгъэхэмрэ» («Животныеи растения») | 4 | | |
| 9 | «Сабиигъуэм и лъахэ» («Страна детства») | 4 | | |
| 10 | «Гъэмахуэ» («Лето») | 3 | | |
| | | | | |
| **Псори:** | | **51** | | |

# Календарно-тематическое планирование учебного предмета «Литературное чтение на родном (кабардино-черкесском языке» на 2023-2024 учебный год

Классы: 2
Учителя: **Долова Аминат Мухамедовна**
Количество часов: всего ***51*** ; в неделю ***1 ч. в I полугодии, 2 часа во II полугодии***

**Календарнэ-тематическэ план**
**Анэдэлъхубзэ 2 класс**

| № | Щек1уэк1ынур | | Темэхэр | Унэ лэжьыгъэр |
|---|---|---|---|---|
| | план | факт | | |
| 1 | 4.09 | | Къэжэр Петр «Сабиигъуэ».<br>Хьэц1ык1у Хьэсэн «Ныбжьэгъу пэж».<br>Джэрыджэ Арсен «Адыгэбзэ». | Нап.8-9, гъэхуауэ къеджэн |
| **Раздел 1. 1уэры1уатэ-2** | | | | |
| 2 | 8.09 | | Къуажэхьхэр.Псалъэжьхэр.Псынщ1эрыпсалъэхэр. | Нап. 17-19, псын. гук1э |
| 3 | 11.09 | | Нэщэнэхэр.Сабий джэгук1эхэр. | Нап.23, зы усэ гук1э |
| **Раздел 2. Таурыхъхэр, псысэхэр -5.** | | | | |
| 4 | 15.09 | | Дыгъужьыр, Бажэр, Адакъэр. | Нап.24-25 |
| 5 | 18.09 | | Аслъэнымрэ Дзыгъуэмрэ | Нап.26-28 |
| 6 | 22.09 | | Мыщэмрэ Бажэмрэ. | Нап.28-32 |
| 7 | 25.09 | | Бажэмрэ Кърумрэ. | Нап.33-35 еджэн, тепс. |
| 8 | 29.09 | | Бзэгъэбзэрабзэ щхъуэк1эплъык1эхэр.<br>Зыкъэпщытэж. | Нап.39-41 |
| **Раздел 3. Бжьыхьэ дыщафэ-7.** | | | | |
| 9 | 2.10 | | Бжьыхьэ. | Нап.45-46, упщ1. |
| 10 | 6.10 | | Хьэту Петр «К1эпхъ» | Нап.47-48, гъэху. Къедж. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 11 | 9.10 | | Къардэн Бубэ «Хьэту ц1ык1урэ Жэмалрэ жыг зэрагъэк1ар. | Нап.50-51, тепсэлъ. |
| 12 | 13.10 | | Къагъырмэс Борис «Ди кхъужьейр». | Нап.52-53, гук1э зэгъ. |
| 13 | 16.10 | | Абыт1э Хъызыр «Бжьыхьэ».<br>Брай Адэлбий «Мэз лъапэм» | Нап.54-57, къежэн, упщ1эхэм ж. |
| 14 | 20.10 | | Нало Заур «Бжьыхьэр бейщ». | Нап.57-58, гъэхуауэ къеджэн |
| 15 | 23.10 | | Бзэгъэбзэрабзэ щхъуэк1эплъык1эхэр.<br>Зыкъэпщытэж. | Нап.60-61, псынщ1. Гук1э |
| **Раздел 4 Ди ныбжьэгъуф1 псэущхьэхэр -7.** | | | | |
| 16 | 27.10 | | Абыт1э Владимир «Си бажэ». | Нап.68-69, гъэху.къедж. |
| 17 | 6.11 | | Къармокъуэ Хьэмид «Хьэмрэ Мыщэмрэ». | Нап.69-71, тепс. |
| 18 | 10.11 | | Жаным Борис «Къуалэбзу пшыналъэ». | Нап.72-74, гъэху.къ. |
| 19 | 13.11 | | К1уант1э 1эзид «Джэдджьейм и 1эмалыр». | Нап.76-79, едж., упщ1. |
| 20 | 17.11 | | Шэрджэс  Алий «Парийрэ К1ущэрэ». | Нап.79-81, гъэху. Къ., упщ1. |
| 21 | 20.11 | | К1эщт Мухьэз «Шырэ».<br>Къагъырмэс Борис «Цыжьбанэ». | Нап.81-83, гъэху.къ. |
| 22 | 24.11 | | Бзэгъэбзэрабзэ щхъуэк1эплъык1эхэр.<br>Зыкъэпщытэж. | Нап.84-85,гук1э зэгъ. |
| **Раздел 5. Щ1ымахуэр щ1ы1эми, зэман дахэщ-8.** | | | | |
| 23 | 27.11 | | Япэ уэс. | Нап.92-94 упщ1 |
| 24 | 1.12 | | Аф1эунэ Лиуан «Щ1ымахуэ».<br>Щ1ымахуэ зэманыр. | Нап.95, гъэху.къедж. |
| 25 | 4.12 | | Къэзан Фат1имэ «Гуф1эгъуэ».<br>Къардэн Бубэ «Уэсыр джэдыгущ». | Нап.98-100, едж., упщ1. |
| 26 | 8.12 | | Журт Биберд «Бацэ». | Нап.102-104, тепс. |
| 27 | 11.12 | | Щоджэнц1ык1у 1эдэм «Илъэсыщ1э». | Нап.105, усэр гук1э зэгъ. |
| 28 | 15.12 | | Жаным Борис «Бзуупц1э». | Нап.106-107, упщ1. жэуап |
| 29 | 18.12 | | Ди проектыр. | Нап.108-109 |
| 30 | 22.12 | | Бзэгъэбзэрабзэ щхъуэк1эплъык1эхэр.<br>Зыкъэпщытэж. | Нап.110-11, псынщ1. Гук1э. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Раздел 6. Лэжьыгъэр гуф1эгъуэщ -7.** | | | | |
| 31 | 25.12 | | Аф1эунэ Лиуан «Щ1ылъэмрэ уафэмрэ» | Нап.118, гъэху.къедж. |
| 32 | 29.12 | | Къэжэр Петр «1эщ1агъэл1». | Н.119-120, гъэху., упщ1.жэуап |
| 33 | 10.01 | | Джаурджий Хьэтыкъэ «Нанэ». Къагъырмэс Борис «Бжэндэхъухэр згъэгуф1ащ». | Нап.121-123, къедж. |
| 34 | 17.01 | | Хьэнфэн Алим «Дыкъуэнагъ насыпыф1э» | Н.123-125, къедж., упщ1. |
| 35 | 24.01 | | Нало Заур «Зулий и жыг». | Н.126-127, къедж., тепс. |
| 36 | 31.01 | | Хьэщыкъуей Олег «Хэт ар?». Къардэн Бубэ «Ныбжьэгъу пэж». | Н.128, гук1э зэгъ. |
| 37 | 7.02 | | Бзэгъэбзэрабзэ щхъуэк1эплъык1эхэр. Зыкъэпщытэж. | Нап.132-133, псынщ1. Къедж. |
| **Раздел 7. Хэкум дрогушхуэ-5.** | | | | |
| 38 | 14.02 | | Ди Хэкур. Нэгумэ Умар «Къалэм сыщохьэщ1э». | Н.141-142, гъэху., упщ1. |
| 39 | 21.02 | | Щоджэнц1ык1у Алий «Сабиигъуэ». Шорэ Ахьмэд «Сыт насыпыр?». | Н.143 гук1э зэгъ. |
| 40 | 28.02 | | Гъубж Мухьэдин «Пщэдджыжьыр къуажэм». | Н.14149, къеджэн |
| 41 | 6.03 | | Ахъмэт Му1эед «Сощ1 сурэт». Адыгэ хабзэм щыщщ. | Н.149-151 |
| 42 | 13.03 | | Бзэгъэбзэрабзэ щхъуэк1эплъык1эхэр. Зыкъэпщытэж. | Н.154-155, упщ1. |
| **Раздел 8. Къытхуеблагъэ гъатхэ -7.** | | | | |
| 43 | 20.03 | | Хъыбарегъащ1э. Аф1эунэ Лиуан «Гъатхэр къэсыжащ». | Н.160, гук1э |
| 44 | 3.04 | | Къэрдэн Бубэ «Си мамэ дыщэ». | Н.161-163, екъедж., тепс. |
| 45 | 10.04 | | Нало Заур «Лиуан и бдзэжьей ещэк1эр». | Н.164-165 къедж., упщ1. |
| 46 | 17.04 | | Къэжэр Петр «Си мамэ. Щоджэн Леонид «Хьэсэн». | Н.167-168, гук1э |
| 47 | 24.04 | | Аф1эунэ Лиуан «Гъатхэ». Бозий Лудин «Мы1эрысэ дыщафэхэр». | Н.170-172, къедж.,упщ1. |
| 48 | 8.05 | | Щамырзэ 1эмырбий «Нанэ» | Н.173-175 къедж., упщ1. |
| 49 | 15.05 | | Бзэгъэбзэрабзэ щхъуэк1эплъык1эхэр. | Н. 180, упщ1.6,7,8. |
| **Раздел 9. Гъэмахуэ тхъэжыгъуэ- 3** | | | | |
| 50 | 22.05 | | Аброкъуэ Белэ «Бжьэпэм». | Н.185-187, упщ1. |
| 51 | 25.05 | | К1эщт Мухьэз «Жыгхэр мэ1ущащэ<br>Гъэ псом яджар къыщызэщ1акъуэж урок. | Н.188, гъэху.къедж. |

# Календарно – тематическое планирование учебного предмета «Литературное чтение на родном (кабардино-черкесском языке» на 2023-2024 учебный год

Классы:3 А,Б
Учителя:
Количество часов: всего ***__51__*;* в неделю ***__1 ч. в I полугодии, 2 часа во II полугодии__***

**Календарнэ-тематическэ план**
**3 класс Анэдэлъхубзэ**

| **№ №** | **щек1уэк1ынур** | | **Темэхэр** | **Унэ лэжьыгъэр** |
|---|---|---|---|---|
| | **план** | **факт** | | |
| | | **Хэзыгъэгъуазэ –сыхь.3** | | |
| 1. | 4.09 | | ШорэХьэсин «Тхылъым и лъэ1у», ЩомахуэАмырхъан «ДиХэкур | н.4-5, гъэху. къедж. |
| 2. | 7.09 | | Къагъырмэс Борис «Сабийуэрэд» | н.6-7, усэр гук1э зэгъ. |
| 3. | 11.09 | | Ди щ1ыналъэр | н.7-9, упщ1. |
| | | **Раздел 1. 1уэры1уатэ сыхь.6-.** | | |
| 4. | 14.09 | | 1уэры1уатэ. Псалъэжьхэр, къуажэхьхэр, псынщ1эрыпсалъэхэр. | н.11-14, къедж. упщ1. |
| 5. | 18.09 | | «Насып» хъыбарыр. | н. 15-18, къедж., тепс. |
| 6. | 21.09 | | «Шыкъумц1ий» псысэр | н. 18-21, къедж., тепс. |
| 7. | 25.09 | | ЖырыкъЗаур «Дыгъужь к1эн» | н. 30-34, ролк1э къедж. |
| 8. | 28.09 | | Зыкъэпщытэж. Бзэгъэбзэрабзэ щхъуэк1эплъык1эхэр. | н.38, лэжь. 4, гук1э зэгъ. |
| 9. | 2.10 | | **Ди проектхэр«Псысэхэр зэхыдолъхьэ», «Тхак1уэхэм я псысэхэм ди хъыбархэр щ1ыдогъу».** | н.39, планым тету елэжь. |
| | | **Раздел 2. Бжьыхьэ –сыхь.6** | | |
| 10 | 5.10 | | Щоджэнц1ык1у 1эдэм «Бжьыхьэ» | н.43-44, упщ1. |
| 11 | 9.10 | | ЖылэтежСэлэдин «Бжьыхьэхадэ». | н.44-45, гъэху. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | къедж. |
| 12 | 12.10 | | ХьэхСэфэрбий «Щыхьым и жыг». | н.46-48, псалъэжъхэр зэгъ. |
| 13 | 16.10 | | Аф1эунэ Лиуан «Хъумп1эц1эдж». | н.48-49, гъэху.къедж. |
| 14 | 19.10 | | ТхьэмокъуэБэрэсбий «Т1рашэрэ мы1эрысеймрэ». | н.50-51, къедж. упщ1. |
| 15 | 23.10 | | Зыкъэпщытэж. | н. 52-53, п |
| **Раздел 3. Дыкъэзыухъуреихьдунейр-сыхь.5** | | | | |
| 16 | 26.10 | | ШыбзыхъуэМухьэдин «Мэзым». | н.55-58, упщ1. |
| 17 | 6.11 | | К1уант1э 1эзид «Тхьэк1умэк1ыхь шырымрэблэмрэ». | н.58-60, тепс. |
| 18 | 9.11 | | Къагъырмэс Борис «Димэзым». | н.60-62, гъэху. къедж. |
| 19 | 13.11 | | ЖуртБиберд «Джэджьей щ1ыху ц1ык1у» | Н.62-64, тепс., упщ1. |
| 20 | 16.11 | | Щоджэнц1ык1у Алий «К1ущэ нагъуэ». Зыкъэфпщытэж. | н.65, гук1э зэгъ. |
| **Раздел 4. Сабийхэм я хьэл-щэныр-сыхь.5** | | | | |
| 21 | 20.11 | | Аф1эунэ Лиуан «1эбу ц1ык1у». | н.71, гук1э зэгъ. |
| 22 | 23.11 | | НалоЗаур «Пц1ы бупсмэ, уипэжри я ф1эщ хъужыркъым». | н.72-73, тепс., упщ1. |
| 23 | 27.11 | | Щоджэн Леонид «Дадэ и нэгъуджэ». | н.74-77, упщ1. |
| 24 | 30.11 | | Кхъуэ1уфэ Хьэчим «Щ1ыхугъэм и къалэныр. | н.77-78, гъэху.къедж. |
| 25 | 4.12 | | Зыкъэфпщытэж. Бзэгъэбзэрабзэ щхъуэк1эплъык1эхэр. | нап.80, упщ1 |
| **Раздел 5. Щ1ымахуэ сыхь.6.** | | | | |
| 26 | 7.12 | | Аф1эунэ Лиуан «Япэуэс». | н.85, гук1э |
| 27 | 11.12 | | Тхьэмокъуэ Бэрэсбий «Бзу». | н.86-88, бзууц1эхэр зэгъ. |
| 28 | 14.12 | | ХьэнфэнАлим «Гуф1эгуэш» | н.89, гъэхуауэ къедж. |
| 29 | 18.12 | | ЖылэтежСэлэдин «Щ1ымахуэ пщэдджыжь». Бианки В. «Бажапц1э». | н.90, гъэхуауэ къеджэн |
| 30 | 21.12 | | МэлейФатимэ «Уэсгуащэм и удзгъэгъахэр. | н.94, къэтхъыхьар зэгъэщ1эн |
| 31 | 25.12 | | Зыкъэфпщытэж. Бзэгъэбзэрабзэщхъуэк1эплъык1эхэр. | нап.95-97, упщ1. |
| **Раздел 6.  Лэжьыгъэм ц1ыхур егъэлъап1э –сыхь. 14.** | | | | |
| 32 | 28.12 | | «1уэху ц1ык1у щы1экъым» хъыбарыр. | н.101, псалъэ 1ущхэр гук1э |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 33 | 10.01 | | Дыщэ сом | н.102-103, едж., тепс. |
| 34 | 17.01 | | Мэзыхьэ Борис «Уэт л1ы!» | н.104-106, тепс. |
| 35 | 24.01 | | ДэбагъуэМухьэмэд «Пхъащ1э ц1ык1у». Джэрыджэ Арсен «П1ыт1э щхьэхынэ». | н.106-108, гъэху.къедж. |
| 36 | 31.01 | | ЩомахуэАмырхъан «Щ1алэф1». 1ущ ц1ык1у». | н.109, гъэху.къедж. |
| 37 | 7.02 | | ХьэгъундокъуэРэмэзан «Космонавт ц1ык1у».Зыкъэфпщытэж. | н.114-115, гъэху.къедж. |
| 38 | 14.02 | | **Дипроектхэр «Бзэрабзэ, си адыгэбзэ!», «Си анэбзэр-си адыгэбзэрщ».** | н.118-119, проект |
| 39 | 21.02 | | ХьэнфэнАлим «Къэхутак1уэ ц1ык1у». | н.121-123, упщ1. жэуап |
| 40 | 28.02 | | Хьэ1упэ Джэбрэ1ил «Гъатхэ». | н.124, гъэху., упщ1. |
| 41 | 6.03 | | Къуныжь Хьэ1ишэт «Март мазэ». | н.125-127, упщ1. |
| 42 | 13.03 | | ЩоджэнХьэбас «Гъатхэнэщэнэ». 1ут1ыж Борис «Гъэрэ щ1ырэ». | н.129, гук1э |
| 43 | 20.03 | | МэзАхьмэд «Мыщэжейнэд». К1эщт Мухьэз «Бжэндэхъуанэ». | н.130-131, гъэху.къедж. |
| 44 | 3.04 | | ХьэкъунИсуф «Гъатхэмахуэ». Ацкъэн Руслан «Пшэхэр». | н.133-135, гъэху. |
| 45 | 10.04 | | Зыкъэфпщытэж. Бзэгъэбзэрабзэ щхъуэк1эплъык1эхэр. | н.136-139, упщ1.лэжь. |
| **Раздел 7. Хэкур хъумэныр къалэн лъап1эщ-сыхь.3.** | | | | |
| 46 | 17.04 | | К1ыщокъуэ Алим «Зеич лант1э». «Майм и 9-р Тек1уэныгъэм и махуэшхуэщ». | н.142-143, къедж., упщ1. |
| 47 | 24.04 | | КъардэнБубэ «Лалинэ». Къагъырмэс Борис «Сэ зауэл1ым сеупщ1ат» | н.144, тепс., н.145, гъэху. |
| 48 | 08.05 | | ЕлгъэрКашиф «Тек1уэныгъэм и махуэшхуэ». Зыкъэфпщытэж. | н.146-147, упщ1. |
| **Раздел 8. «Гъэмахуэ»- сыхь.4** | | | | |
| 49 | 15.05 | | «Лъэпщокъуэ и бжьэхэр» | н.149-151, тепс. |
| 50 | 18.05 | | ЖуртБиберд «Гуэлым» | н.151-154, едж., тепсэлъ. |
| 51 | 22.05 | | ТхьэмокъуэБэрэсбий «Хьэрундадэрэ Т1алэ ц1ык1умрэ».Гугъуэт Масирэт «Сурэтыщ1».<br>Гъэ псом яджар къыщызэщ1акъуэж урок | н.157, гъэхуауэ къеджэн<br>н.158-160 |

Классы: ***4*** А
Учителя: Тукова Нуржан Казимовна
Количество часов: всего ***51*** ; в неделю ***1 ч. в I полугодии, 2 часа во II полугодии***

**Календарнэ-тематическэ план**
**Анэдэлъхубзэ 4 класс**

| **№№** | **Щек1уэк1ы-нур** | | **Темэхэр** | **Унэ лэжьыгъэр** |
|---|---|---|---|---|
| | **план** | **факт** | | |
| **Раздел 1. 1уэры1уатэ-5** | | | | |
| 1 | 05.09 | | ЛIымрэ Жыгымрэ | Нап.4-6 Ролк1э къеджэу зегъ |
| 2 | 08.09 | | ПцIащхъуэ цIыкIу | Нап.9-11 Ребусхэр |
| 3 | 12.09 | | Мыщэ и къуэ Батыр | Нап.11-20 |
| 4 | 15.09 | | Мыщэ и къуэ Батыр | Нап.20-30 |
| 5 | 19.09 | | Хэт и хъупIэ? | Нап.30-34 |
| **Раздел 2. Бжьыхьэ дыщафэ-5** | | | | |
| 6 | 22.09 | | Пхъэхуей жыгыр. *Къардэн Б.* | Нап.41-43 |
| 7 | 26.09 | | Тхьэмпэ пыхужыгъуэ. | Нап.43-45 |
| 8 | 29.09 | | Бжьыхьэпэ. *Тхьэгъэзит З.* | Нап.45-47 |
| 9 | 03.10 | | Бжьыхьэр къихьащ. *Хьэкъун И.* | Нап.47-48 |
| 10 | 06.10 | | Iэмал. *Къагъырмэс Б.* | Нап.48-49 |
| **Раздел 3. ЩIымахуэ-6** | | | | |
| 11 | 10.10 | | ЩIымахуэм. *Нало З.* | Нап.56-59 |
| 12 | 13.10 | | ЩIымахуэ. *Уэрэзей А.* | Нап.59-60 |
| 13 | 17.10 | | Лъэрыжэ. *Журт Б.* | Нап.60-63 |
| 14 | 20.10 | | ИлъэсыщIэ. *Къагъырмэс Б.* | Нап.63-64 |
| 15 | 24.10 | | ЩIымахуэ пхъэщхьэмыщхьэхэр<br>Мэлай Ф. | Нап.64-66 |
| 16 | 27.10 | | Джэгунми пIалъэ иIэщ. *Уэзы М.* | Нап.66-69 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Раздел 4 . Зэныбжьэгъуныгъэ-5** | | | | |
| 17 | 07.11 | | Iэпэзадэ. *Нало З.* | Нап.72-78 |
| 18 | 10.11 | | ТIум тIу хэплъхьэмэ… *Бозий Л.* | Нап.78-81 |
| 19 | 14.11 | | Ныбжьэгъу уиIэну ухуеймэ…<br>*Къармокъуэ Хь.* | Нап.81-84 |
| 20 | 17.11 | | Сыт джэдум шха нэужь зыщIитхьэщIыр? *ШэджыхьэщIэ Хь.* | Нап.84-87 |
| 21 | 21.11 | | Щихум и жэуап. *Къагъырмэс Б.* | Нап.87-88 |
| **Раздел 5. Ди Хэкур-5** | | | | |
| 22 | 24.11 | | Хьерлы зыгъэпIейтейр. *Бозий Л.* | Нап.95-98 |
| 23 | 28.11 | | Дэшхуей тхьэмпэ. *Хьэх С.* | Нап.98-101 |
| 24 | 01.12 | | «Сыадыгэщ». *Iэщыж Б.* | Нап.101-105 |
| 25 | 05.12 | | Си Хэку, уэращ си гъащIэр. *Хьэнфэн А.* | Нап.105-106 |
| 26 | 08.12 | | Адэжь щIыналъэ. *Джэдгъэф Б.* | Нап. 106 |
| **Раздел 6. Гъатхэ - 6** | | | | |
| 27 | 12.12 | | Гъатхэ. *ЩоджэнцIыкIу А.* | Нап.113-115 |
| 28 | 15.12 | | Гъатхэпэ. *Гъубжокъуэ Л.* | Нап.115-116 |
| 29 | 19.12 | | Гъатхэ теплъэгъуэхэр. *ЩоджэнцIыкIу Iэдэм.* | Нап.116-118 |
| 30 | 22.12 | | Анэ. *Мыкъуэжь А.* | Нап.118-120 |
| 31 | 26.12 | | Къурш псыдзэ. *Къуэдзокъуэ Л.* | Нап.120-121 |
| 32 | 29.12 | | Мэз дохутырхэр. *Елчэпар А.* | Нап.121-123 |
| **Раздел 7. Щремыпэ зауэ!-5** | | | | |
| 33 | 11.01 | | Мишэ и анэр къигъуэтыжащ. *Щомахуэ А.* | Нап.127-132 |
| 34 | 18.01 | | Мишэ и анэр къигъуэтыжащ. *Щомахуэ А.* | Нап.127-132 |
| 35 | 25.01 | | Сурэт. *Бицу А.* | Нап.132-134 |
| 36 | 01.02 | | Бжьыхьэ мэзым къыщыхъуар. *Нало З.* | Нап.134-137 |
| 37 | 08.01 | | Бжьыхьэ мэзым къыщыхъуар. *Нало З.* | Нап.134-137 |
| **Раздел 8. Псэущхьэхэмрэ къэкIыгъэхэмрэ 4** | | | | |
| 38 | 15.01 | | СиIэщ сэ жыг цIыкIу. *Балъкъыз Б.* | Нап.143-144 |
| 39 | 22.01 | | Мэзым. *Журт Б.*<br>Письмо. *Бахъсэн Ф.* | Нап.144-148 |
| 40 | 07.03 | | Щыхь хьэщIэ. *КIуантIэ Iэ.* | Нап.151-154 |
| 41 | 14.03 | | Дэтхэнэр нэхъ лъагэ?<br>*Мэлей Ф.* | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Раздел 9. Сабиигъуэм и лъахэ -8** | | | | |
| 42 | 21.03 | | Блулэ. *Къуэдзокъуэ Хь.* | Нап.161-163 |
| 43 | 04.04 | | Къалэдэс. *Къэжэр Хь* | Нап.163-164 |
| 44 | 11.04 | | Лъапсэ быдэ. *Понэщ Хь.* | Нап.165-166 |
| 45 | 18.04 | | Нэмыс. *Джаурджий Хь.* | Нап.167-168 |
| 46 | 25.04 | | КхъыIэ, иIэ. *IутIыж Б* | Нап.169 |
| **Раздел 10. Гъэмахуэ -5** | | | | |
| 47 | 02.05 | | БжьаIуэм. *Ацкъан Р.* | Нап.174-175 |
| 48 | 16.05 | | МэракIуэхьэ. *Къуныжь Хь.* | Нап.177 |
| 49 | 21.05 | | Гъэмахуэ. *Тхьэмокъуэ Б.* | Нап.178-179 |
| 50 | 23.05 | | Пшэ цIыкIу. *Сонэ А* | Нап.180 |
| 51 | 25.05 | | КIыгуугу макъ. *Скребицкий Г.* Зыкъыдопщытэж. | Нап.181-183 |

Классы: ***4*** Б

Учителя: Урусова Асят Хасбиевна

Количество часов: всего ***51*** ; в неделю ***1 ч. в I полугодии, 2 часа во II полугодии***

**Календарнэ-тематическэ план**

**Анэдэлъхубзэ 4 класс**

| **№№** | **Щек1уэк1ы-нур** | | **Темэхэр** | **Унэ лэжьыгъэр** |
|---|---|---|---|---|
| | **план** | **факт** | | |
| **Раздел 1. 1уэры1уатэ-5** | | | | |
| 1 | 05.09 | | ЛIымрэ Жыгымрэ | Нап.4-6 Ролк1э къеджэу зегъ |
| 2 | 07.09 | | ПцIащхъуэ цIыкIу | Нап.9-11 Ребусхэр |
| 3 | 12.09 | | Мыщэ и къуэ Батыр | Нап.11-20 |
| 4 | 14.09 | | Мыщэ и къуэ Батыр | Нап.20-30 |
| 5 | 19.09 | | Хэт и хъупIэ? | Нап.30-34 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Раздел 2. Бжьыхьэ дыщафэ-5** | | | | |
| 6 | 21.09 | | Пхъэхуей жыгыр. *Къардэн Б.* | Нап.41-43 |
| 7 | 26.09 | | Тхьэмпэ пыхужыгъуэ. | Нап.43-45 |
| 8 | 28.09 | | Бжьыхьэпэ. *Тхьэгъэзит З.* | Нап.45-47 |
| 9 | 03.10 | | Бжьыхьэр къихьащ. *Хьэкъун И.* | Нап.47-48 |
| 10 | 05.10 | | Iэмал. *Къагъырмэс Б.* | Нап.48-49 |
| **Раздел 3. ЩIымахуэ-6** | | | | |
| 11 | 10.10 | | ЩIымахуэм. *Нало З.* | Нап.56-59 |
| 12 | 12.10 | | ЩIымахуэ. *Уэрэзей А.* | Нап.59-60 |
| 13 | 17.10 | | Лъэрыжэ. *Журт Б.* | Нап.60-63 |
| 14 | 19.10 | | ИлъэсыщIэ. *Къагъырмэс Б.* | Нап.63-64 |
| 15 | 24.10 | | ЩIымахуэ пхъэщхьэмыщхьэхэр<br>Мэлай Ф. | Нап.64-66 |
| 16 | 07.11 | | Джэгунми пIалъэ иIэщ. *Уэзы М.* | Нап.66-69 |
| **Раздел 4 . Зэныбжьэгъуныгъэ-5** | | | | |
| 17 | 09.11 | | Iэпэзадэ. *Нало З.* | Нап.72-78 |
| 18 | 14,11 | | ТIум тIу хэплъхьэмэ… *Бозий Л.* | Нап.78-81 |
| 19 | 16.11 | | Ныбжьэгъу уиIэну ухуеймэ…<br>*Къармокъуэ Хь.* | Нап.81-84 |
| 20 | 21.11 | | Сыт джэдум шха нэужь зыщIитхьэщIыр? *ШэджыхьэщIэ Хь.* | Нап.84-87 |
| 21 | 23.11 | | Щихум и жэуап. *Къагъырмэс Б.* | Нап.87-88 |
| **Раздел 5. Ди Хэкур-5** | | | | |
| 22 | 28.11 | | Хъерлы зыгъэпIейтейр. *Бозий Л.* | Нап.95-98 |
| 23 | 30.11 | | Дэшхуей тхьэмпэ. *Хьэх С.* | Нап.98-101 |
| 24 | 05.12 | | «Сыадыгэщ». *Iэщыж Б.* | Нап.101-105 |
| 25 | 07.12 | | Си Хэку, уэращ си гъащIэр. *Хьэнфэн А.* | Нап.105-106 |
| 26 | 12.12 | | Адэжь щIыналъэ. *Джэдгъэф Б.* | Нап. 106 |
| **Раздел 6. Гъатхэ - 6** | | | | |
| 27 | 14.12 | | Гъатхэ. *ЩоджэнцIыкIу А.* | Нап.113-115 |
| 28 | 19.12 | | Гъатхэпэ. *Гъубжокъуэ Л.* | Нап.115-116 |
| 29 | 21.12 | | Гъатхэ теплъэгъуэхэр. *ЩоджэнцIыкIу Iэдэм.* | Нап.116-118 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 30 | 26.12 | | Анэ. *Мыкъуэжь А.* | Нап.118-120 |
| 31 | 28.12 | | Къурш псыдзэ. *Къуэдзокъуэ Л.* | Нап.120-121 |
| 32 | 10.01 | | Мэз дохутырхэр. *Елчэпар А.* | Нап.121-123 |
| **Раздел 7. Щремыпэ зауэ!-5** | | | | |
| 33 | 17.01 | | Мишэ и анэр къигъуэтыжащ. *Щомахуэ А.* | Нап.127-132 |
| 34 | 24.01 | | Мишэ и анэр къигъуэтыжащ. *Щомахуэ А.* | Нап.127-132 |
| 35 | 31.01 | | Сурэт. *Бицу А.* | Нап.132-134 |
| 36 | 07.02 | | Бжьыхьэ мэзым къыщыхъуар. *Нало З.* | Нап.134-137 |
| 37 | 14.02 | | Бжьыхьэ мэзым къыщыхъуар. *Нало З.* | Нап.134-137 |
| **Раздел 8. Псэущхьэхэмрэ къэкIыгъэхэмрэ 4** | | | | |
| 38 | 21.02 | | СиIэщ сэ жыг цIыкIу. *Балъкъыз Б.* | Нап.143-144 |
| 39 | 28.02 | | Мэзым. *Журт Б.*<br>Письмо. *Бахъсэн Ф.* | Нап.144-148 |
| 40 | 06.03 | | Щыхь хьэщIэ. *КIуантIэ Iэ.* | Нап.151-154 |
| 41 | 13,03 | | Дэтхэнэр нэхъ лъагэ?<br>*Мэлей Ф.* | |
| **Раздел 9. Сабиигъуэм и лъахэ -8** | | | | |
| 42 | 20.03 | | Блулэ. *Къуэдзокъуэ Хь.* | Нап.161-163 |
| 43 | 03.04 | | Къалэдэс. *Къэжэр Хь* | Нап.163-164 |
| 44 | 10.04 | | Лъапсэ быдэ. *Понэщ Хь.* | Нап.165-166 |
| 45 | 12.04 | | Нэмыс. *Джаурджий Хь.* | Нап.167-168 |
| 46 | 17.04 | | КхъыIэ, иIэ. *IутIыж Б* | Нап.169 |
| **Раздел 10. Гъэмахуэ -5** | | | | |
| 47 | 24,04 | | БжьаIуэм. *Ацкъан Р.* | Нап.174-175 |
| 48 | 08.05 | | МэракIуэхьэ. *Къуныжь Хь.* | Нап.177 |
| 49 | 13.05 | | Гъэмахуэ. *Тхьэмокъуэ Б.* | Нап.178-179 |
| 50 | 15.05 | | Пшэ цIыкIу. *Сонэ А* | Нап.180 |
| 51 | 22.05 | | КIыгуугу макъ. *Скребицкий Г.* Зыкъыдопщытэж. | Нап.181-183 |

ДОКУМЕНТ ПОДПИСАН
ЭЛЕКТРОННОЙ ПОДПИСЬЮ

СВЕДЕНИЯ О СЕРТИФИКАТЕ ЭП

Сертификат 135955613336665976574499022560335136778487908062

Владелец Байматова Светлана Пшизабиевна

Действителен С 15.06.2023 по 14.06.2024